

*Chak sitirasyon diferan.  
Polis la dwe fè tèt li  
travay pou l aji devan  
chak sikonsans.*

## *An gwo, Ofisyè Polis la:*

- Ba w non l depi w mande l.
- Si l pa pote inifòm, ou ka mande l idantifikasyon l, ak lòt papye pou w wè si se Polis li ye vre.
- Li dwe di w poukisa li kanpe w.
- Lap itilize fòs si sa nesesè. Men si tou se lè lap arete yon sispèk oswa pou kenbe yon prizonye anba chenn.
- Li pa pral fouye brit sou kou , yon moun ki pa gen menm sèks ak li (gason oswa fi) nan pati ki kache yo, esèpte pou prevni aksidan kont lavi Polis la oswa yon lòt moun, oubyen pou moun nan pa kache prèv yo.
- Arete yon moun ki komèt yon krim devan Ofisyè a, oswa si Ofisyè a santi dapre kèk prèv, se moun sa ki komèt krim lan.

*Kesyon  
Konpliman  
Plent*

Si w bezwen konnen plis sa nou fè, oswa pote plent pou yon move trètman, ou ka mande pale ak Ofisyè kap fè pòs la, swa pa telefòn oswa ale nan biwo a. Ou ka jwenn fòm pou pote plent sou entènet tou, sou paj depatman Polis la. Konsa tou, si n te fè yon bon bagay ki satisfè w, yon ti lèt konpliman ta fè n plezi.

## *Misyon Biwo Polis Èvrèt*

Misyon Biwo Polis Èvrèt la, se tabli bon jan lwa nan kominote a, pou pwoteje lavi ak byen moun, mete lòd etan lap trete tout moun egal ego.

### **Resepsyon**

Ofisyè k sou Pòs: (617) 389-2120

Sant Patwouy: (617) 387-1212

Ijans: 911

Biwo Chèf Polis: (617) 394-2365

Pou plis enfòmasyon, vizite Paj Biwo Polis Èvrèt la sou entènèt, nan:

<http://www.everettpolicema.com>

# **Sa pou w tann lè Polis rete w**

# **Polis!**



**Biwo Polis nan Èvrèt  
45 Elm Street, Everett MA 02149  
"Sèvi Popilasyon ak Fyète Depi  
1870"**

# Poukisa Polis rete yon Chofè?

Gen anpil rezon  
ki ka fè Polis  
rete w sou wout la;

- Se petèt ou te vyole Lalwa.
- Ou sanble ak yon sispèk.
- Ofisyè a ka panse ou gen pwoblèm, ou bezwen èd.
- Ou te wè petèt yon krim.

*Sonje:* Polis la dwe trete w ak respè epi bon jan. Poukisa ou menm tou pa kolabore ak li, menm jan an?

Gen anpil sansasyon natirèl ki monte nan tèt chofè yo, lè Polis rete yo pandan yap kondi. Gen ki boulvèse, fache epi gen kè sote.

Se pa sèl ou menm ki nan traka. Polis la pa santi l alèz tou lè lap fè sikilasyon, sitou si l fè nwa. Chak ane gen anpil Polis sikilasyon ki mouri oswa blese pandan yap fè pòs. Se sak fè anpil fwa, yo gen kè sote oswa santi yo andanje lè yap apwoche yon chofè.

## Lè Polis rete w men sa pou w sonje:

1. Yon Polis sikilasyon ka rete w nenpòt ki lè depi w fè yon pa chat, oswa si yap chèche rezoud yon krim.
2. Si w tande yon machin polis ak sirèn dèyè w, gade san fwa w. Chèche yon kote adwat sou wout la pou w rete , san w pa w fè aksidan.
3. Rete nan machin nan, sof si Polis la di w fè yon lòt bagay.
4. Mete 2 men w yo sou volan, dekwa pou Ofisyè a ka kontwole mouvman yo.
5. Pa fè yon mouvman brit sou kou. Ni pinga w fè konmsi w pral chèche yon bagay devan pye w, oswa pa dèyè oswa kote pasaje a chita.
6. Tann pou Polis la mande w lisans ou, rejistrasyon machin nan, oswa lòt dokiman tankou (paspò, lèt ki gen adrès ou, elatriye) anvan ou ba li yo.
7. Si w mal pou w jwenn dokiman yo, di Polis la kote w panse yo ye , anvan w al pran yo ba li.

8. Si se aswè Polis rete w, limen limyè anndan machin nan, dekwa pou Polis la ka wè sa kap pase.
9. Si gen lòt moun nan machin nan, mande yo pou yo pa pale, epi pou yo kolabore ak sa Polis la ka mande yo.
10. Polis sikilasyon an ka ba w yon tikè. Si w pa konnen poukisa, ou ka mande l ak anpil koutwazi.
11. Ou pa bezwen fè espektak ak Ofisyè a, Lajistis la pou sa. Sa pap regle anyen. Sou do tikè a, yap di w kote pou w ale , pou w diskite kòz la.
12. Di laverite, li pap fè pèson mal. Si se vre, ou pat wè panno ki make Kanpe a oswa sila ki di w konbyen vitès pou w fè a, fè ofisyè a konn sa.
13. Ou gen dwa wè 2 oswa plizyè machin nan panno pou kanpe a. Li nòmal.
14. Rete kal tout tan. Si yo ba w yon tikè, pran l. Si w pa santi w anfot, se jis yon pwomès pou w peye penalite a oswa al nan Lajistis.

